ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПЛЫЗЬ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№51 (21.209) ● 2008 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 15, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●
adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

Къанокъуэ Арсенрэ Адамский Александррэ зэІущІэм хэтщ.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Егъэджэныгъэр езыгъэфІакІуэ Іэмалхэр

Налшык дэт лицей №2-м гъатхэпэм и 14-м щекІуэкІащ республикэм и егъэджэныгъэр зэрефІэкІуэну щыкІэхэм щытепсэльыхь щынальэпсо зэхуэс. ЗэІущІэр кьиззгъэпэщыным и жэрдэмщІакІуэ хьуащ егъэджэныгъэ политикэм хэль Іуэху гугъухэм елэжьу Москва дэт «Эврика» институтыр.

ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭ Іэнатіэм щрагъэкІуэкІыну зэхьуэкІыныгъэхэр жылагъуэпсо утыку кьыщрахьэ зэхуэсым хэтащ КЪБР-м и Президент **Кьанокъуэ Арсен**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ **ДышэкІ Мадинэ**, КЪБР-м и Парламентым и тхьамадэм и къуэдзэ **Федченкэ Людмилэ** КЪБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**, «Эврика» институтым и ректор **Адамский Александр**, КъБМКъА-м и ректор **Жэрыкьуэ Борис**, КЪБР-м и Парламентым и депутатхэр, Осетие Ищхьэрэ – Алание, Шэшэн, Ингуш республикэхэм егъэджэныгъэмкІэ я министерствэхэм я унафэщІхэр, ди республикэм и куейхэм, кьалэхэм я Іэтащхьэхэр, егъэджэныгъэмкІэ щыпІэ Іуэхущ1апІэхэм я унафэщІхэр, еджапІэхэм я директорхэр, нэгъуэщІхэри.

ЗэІущІэр кьиззІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ **ДышэкІ Мадинэ**. Абы кьиззэхуэсахэм ягу кьигъэкІыжащ егъэджэныгъэ Іэнатіэр егъэфІэкІуэным хуэгъэпса проектхэм я кьэралпсо зэпеуэу иджыблагъэ екІуэкІам ди республикэм ялэ увыпІэр кьиззэрыщихьар. Абы ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм кьэрал мылькум щыщу сом мелуан 330-рэ кьиззэрыхуэятІупщари жиІащ. Адэкіэ ДышэкІым псалъэ иритащ ди республикэм и Президент Кьанокъуэ Арсен.

Кьиззэхуэсахэм лэжьыгъэ купщІафІэкІэ яхуэупса нэужь, Кьанокъуэр кІэщІу тепсэльыхьащ иужьрей илъэсхэм кьриубыдэу республикэм зэрызиужьым.

- Къэкіуэну илъэсхэм дигу илъщ республикэм социально-экономикэ щытыкІэр къэтІэтыну, ди щыхухэм я псэукІэм нэхьри зедгъэужьыну, - кьиухитащащ Президентым. - А псори тэмэму кьыдэхьулІэным и лыбжькъ быдэр щыхухэм ябгъэдэль щІэныгъэм, я зэхэщІыкІым и куугъыр арауэ зэрыщытыр наІуэщ. Ар кьыдгурыІуэу КЪБР-м егъэджэныгъэ Іэнатіэм зыщІиужьыным текуха программэ щхьэхуэ къэтщтащ. Абы и мурад нэхьыщхьэр егъэджэныгъэм и фІагъыр къэІэтыныращ. Мы хьэнэшхуэ зиІэ а Іуэхугъуэр нэхьри щІигъэхуэбжьэнущ иджыблагъэ екІуэкІа урысейпсо зэпеуэм КЪБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэр нэхъыфІхэм ящыщу кьызэралытар. Абы егъэджэныгъэр зэредгъэфІэкІуэфын Іэмальфі куэдым я бжэхэр кьытхуэзыІуех. Зэхьэзэхуэм дыдэзрыщытекІуам ипкъ иткІэ кьытхуаутІыпща мылькури зытекІуэдэну унэтІыныгъэхэри дубзыхуащ. Ахэр пыщІащ егъэджакІуэхэм я улахуэр кьэЗэтыным, абыхэм я щІэныгъэм хэгъэхъэным; егъэджэныгъэ Іуэхущ1апІэхэм яхуэдутІыпщ ахьшэр кІасым щеджэ сабий бжыгъэм теухуауэ гъэувыным; егъэджэныгъэм и фІагъыр кьыщалытэ щІыналъэ центр ди джэ кьыщыззгъэпэщыным; иджырей мардэхэм изагъэу, пщалъэхэм хуэкІуэу егъэджэныгъэ лэжьыгъэр Іуэхущ1апІэхэм щызэтегъэуэным; егъэджэныгъэ Іуэхущ1апІэхэм я лэжьыгъэм жылагъуэ зэгугъэныгъэхэр жыджэру хэшэным. Дауи, апхуэдэ Іуэхугъуэхэм мылькушхуэ текІуэдэнущ. Ауэ абы етхьэлІэн ахьшэ дэ кьэдгъуэтыфынущ. Абы щэщІауэ дыщытепсэльыхьащ Правительствэм и зэІущІэм. Апхуэдизу фІызогъуГъэ федеральнэ мылькуу егъэджэныгъэм ящыкІуаутІыпща ахьшэм щыщу зы сом нэгъуэщІ ІуэхукІэ кьыззэрыдмыгъэсэбэпынумкІэ. Ахэр нэсу хэтлъхьэнущ республикэм и егъэджэныгъэ Іэнатіэр егъэфІэкІуэным.

ЗэІущІэм кьрихьэлІахэм я пащхьэ доклад щиІащ министр **ЩхьэгъэпсоСэфарбий**. Абы фІыщІэ яхуищІащ зэхуэс купщІафІэр кьыззэрыгъэпэща профессор Адамскэм, апхуэдизу гулыкІэ егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ хуэзыщІ Президентым. Адэкіэ министрым и докладым щызэпкърихащ республикэм и егъэджэныгъэ Іэнатіэр зэрыг иджыпей щытыкІэмрэ ар егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ ялэжьыну я мурадхэмрэ.

- Республикэм и школхэр, егъэджакІуэхэр жыджэру хэтщ «Егъэджэныгъэ» проектым ипкъ иткІэ екІуэкІ къэралпсо зэпеуэхэм. Абыхэм пашэныгъэр щагубыдри, школ 50-м сом мелуан зырыз кьаухащ, егъэджакІуэ куэдым сом мини 100 зырыз саугъэту кьыкуагъэфэщащ. НэгъуэщІ екъуІэныгъэхэри диІэщ, - кьыхигъэщащ Щхьэгъэпсом, - ауэ дызэлэжьынуэри куэд мэхъу, абыхэм я гъунэ итлъа кьудейщ. Кьэтхьа мелуанхэр егъэджэныгъэр ди щыпІэм щегъэфІэкІуэнымкІэ щІэгъэкъуэншыхуэ кьытхуэхьунущ.

КЪБР-м и егъэджэныгъэ Іэнатіэр егъэфІэкІуа зэрыхьэныр, абы и лэжьыгъэ кьызэгъэпэщыкІэм халъхьэну Іуэхугъэщ1эхэм теухуа псальэмакъ хьэлэмэт щекІуэкІащ зэІущІэм. Абы екъэлІауэ республикэм кьыхуэщхьэпэн чэнджэщ куэд и министерствэм, кьызэхуэсахэм яритащ Адамский Александр.

Махуэ псом екІуэкІа зэІущІэм и кІуэцІкІэ абы кьрихьэлІахэр лекІэ зэхуэмыдэхэм едэІуащ, гуп-гупу загъэщІ я Іуэху еплыкІэхэмкІэ зэхъуэжащ. КупщІафІэу, щІэныгъэлІ, Іэщ1агъэлІ куэд кьызрихьэлІэу екІуэкІа зэхуэсым щаубзыхуащ егъэджэныгъэр езыгъэфІакІуэ Іэмалхэр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

Іуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр

ди деж нэхъ щызэпІэзэрытщ

Правительствэм хухах сыхьэтым хиубыдэу Парламентым и зэІущІэм щыхэплъащ псэупІэмрэ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэхэм зэрыхагъэхъуам кьыхэкІыу нэхъ хуэмыщІауэ псэу щыху гуп щхьэхуэхэм КЪБР-м и Правительствэр зэрадзэІэпыкъум пыщІа Іуэхуэхэм.

ЗЭІУЩІЭМ доклад щиІащ КЪБР-м Тарифхэмкіэ и къэрал комитетым и унафэщІ **Уэлджыр Жыласлъэн**. Абы кьигъэльэгъащ коммунальнэ Іэнатіэм и Іуэхущ1апІэхэм я товархэмрэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ я тарифхэр, апхуэдизу щыхуэхэм псэупІэмрэ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ щІат уасэхэр 2008 гъэм тещІыхьауэ кьыззращтар, республикэр хуабжькІэ зэІуэзыгъэпэщ организацэхэм Тарифхэмкіэ къэрал комитетым 1 сомрэ кІэпІейкІэ 75-рэ хъуэу игъэуващ. Ику иту электрокъарум и уасэм зэрыхэхъуар процентэ 107-м нэсащ.

Хуабэ энергием и тарифэри кьаІэтащ, газым и уасэм зэрыхэхъуам кьыхэкІыу. 2008 гъэм щІышылэм и 1-м щ1ыщІэдзауэ газым и оптуасэм ику иту процент 25-рэ щІагъуащ.

Абы кьыхэкІыу газ кубометр 1000-р цІыхуэхэм зэрыращэ розницэ уасэр сом 2005,41-рэ нэхъу. Газыр апхуэдизу зэрыльапІэм кьыхэкІыу электрокъарум и уасэри инфляцэм и бжыгъэхэм кьрихуэбыдэу зэтраІыкъуэн яхуэзэфІэкІакьым, мы гъэм абы процент 12-кІэ хагъэхъуэн хуей хъуащ.

Дауэ щымытми, Уэлджыр Жыраслъэн зэрыжиІамкІэ, Ипщэ Федеральнэ округым и адрей щІыналъэхэм ельытауэ, хуабэ энергием, коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щагъэуващ нэхъ зэпІэзэрыту бжыгъэхэм. *(КІэухыр 2-нэ нап.).*

● Аруан куей

Щыр псы хуагъэныкъуэнукъым

«Къэббалькъмелиоводхоз» ФГУ-м и Аруан куей къудамэр ди республикэм щыпхъыфІхэм хабжащ. 2008 гъэм псыщІагъэлъэдэхуэныгъэхэр сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуэзэу техьэнымкІэ екІуэкІа республикэ зэхьэзэхуэм мы районым ящ увыпІэр кьыщихьащ.

ІУЭХУЩІАПІЭМ и унафэщІ Щоджэн Руслан кьиззэрыджИамкІэ, илъэс кІуам щІы метр зэбгъуэзэнатІэу мин 42-м нэсым щІытІ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІащ, псы зэрыщІагъэльадэ хуэныгъэхэр зытет щІы метр зэбгъуэзнатІэ мини 6 зэщІагъэкъэбзащ, гидротехникэ хуэныгъуэ 94-рэ зыхуей хуагъэзэжащ.

Аруан мелиоводхозым-рэ абы и организацэ щхьэхуэхэмрэ я кьаруКІэ псы дэжьыпІэу щы зэрагъэпэщыжащ. Апхуэдэу ягъэбыдащ «Акъсырэ» псы гуэщыпІэм и ипщэ ІущІапІэмрэ и псы хъумапІэхэмрэ. «Къэхъун» кІэнауэр гъатхэ кьиугъуэхэм хуагъэхъэзыращ. Апхуэдизу лэжьыгъэ щІагъэкІынымкІэ кьыдэІэпыкъуащ «Къэббалькъмелиоводхоз» федеральнэ кьэралІуэхущ1апІэ нэхьыщхьэр, куей администрацэр, мэкъумэщ хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ район управленэр.

ЖАНХЪУЭТ З уэз.

● ЗэІущІэхэр

БлэкІар ящІэнымкІэ щхьэпэу

Дыгъуасэ КЪБР-м и Архив Іуэхущ1апІэм зэІущІэ щекІуэкІащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхьэтр джынымкІэ уней фондэр зэрыщхьэпэм теухуауэ.

ЗЭІУЩІЭР къиз1уихащ а Іуэхущ1апІэм и унафэщІ **Къарэ Арсен**. Абы жиІащ къытщІэхъуэ щІэблэм и блэкІар ящІэу кьэхъунымкІэ щхьэдэ дэфтэрхэм мыхьэнэшхуэ зэраІэр.

Мы зэманым республикэм и Архив Іуэхущ1апІэм уней фонду 140-рэ щызэхуэхьэсащ. Абыхэм кьыщыбгъуэтынущ республикэм и псэуКІэмрэ и экономикэмрэ зауэкьыным зи гуащІэ хэзыльхьа щІыхь щэджащэхэм ятеухуа тхыгъэхэр. Псом хуэмыдэу льапІэщ республикэм, кьэралым я тхыдэр уи нэгу кьыщІэзыгъэувэж сурэтхэр, усакІуэхэмрэ тхакІуэхэмрэ я Іэрытхэр, щІэныгъэлІхэм я лэжьыгъэхэр. Апхуэдэу щытми, щІыу пажэхэм ятеухуауэ дэфтэр мащІэщ архив Іуэхущ1апІэ нэхьыщхьэм щызэхуэхьэсар. А лэжьыгъэр къэзыльхьэхэм ящыщи я щхьэм е я благъэхэм ятеухуа тхыгъэхэр архивым щІалъхьэну нэхьыбэр арэзы зэрымыхьур.

ЗэІущІэм кьыщыпсэльащ иджырей лъэхъэнэмкІэ КЪБР-м и архив Іуэхущ1апІэм и кьудамэм и унафэщІ **Ащхьэтэ Раисэ,** а Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэхэу **ЩхьэгъэнсуЕленэрэ Умэж Еленэрэ**, Дзэлыкъуэ куейм и тхыдэдж-архивистхэм я зэгугъэныгъэм и унафэщІ **Вэрокъуэ Риммэ**, Прохладнэ районым кьихьэ Екатеринградскэ станицэм дэт музейм и унафэщІ **Гах Татьянэ**, тхакІуэ **Крушельницкий Валерий** сымэ.

ЩХЬЭПЭЩМЫЩІИІЭ.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Іуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр

ди деж нэхъ щызэпІэзэрытщ

Правительствэм хухах сыхьэтым хиубыдэу Парламентым и зэІущІэм щыхэплъащ псэупІэмрэ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэхэм зэрыхагъэхъуам кьыхэкІыу нэхъ хуэмыщІауэ псэу щыху гуп щхьэхуэхэм КЪБР-м и Правительствэр зэрадзэІэпыкъум пыщІа Іуэхуэхэм.

ЗЭІУЩІЭМ доклад щиІащ КЪБР-м Тарифхэмкіэ и къэрал комитетым и унафэщІ **Уэлджыр Жыласлъэн**. Абы кьигъэльэгъащ коммунальнэ Іэнатіэм и Іуэхущ1апІэхэм я товархэмрэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ я тарифхэр, апхуэдэу щыхуэхэм псэупІэмрэ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ щІат уасэхэр 2008 гъэм тещІыхьауэ кьыззращтар, республикэр хуабжькІэ зэІуэзыгъэпэщ организацэхэм Тарифхэмкіэ къэрал комитетым 1 сомрэ кІэпІейкІэ 75-рэ хъуэу игъэуващ. Ику иту электрокъарум и уасэм зэрыхэхъуар процентэ 107-м нэсащ.

Хуабэ энергием и тарифэри кьаІэтащ, газым и уасэм зэрыхэхъуам кьыхэкІыу. 2008 гъэм щІышылэм и 1-м щ1ыщІэдзауэ газым и оптуасэм ику иту процент 25-рэ щІагъуащ.

Абы кьыхэкІыу газ кубометр 1000-р цІыхуэхэм зэрыращэ розницэ уасэр сом 2005,41-рэ нэхъу. Газыр апхуэдизу зэрыльапІэм кьыхэкІыу электрокъарум и уасэри инфляцэм и бжыгъэхэм кьрихуэбыдэу зэтраІыкъуэн яхуэзэфІэкІакьым, мы гъэм абы процент 12-кІэ хагъэхъуэн хуей хъуащ.

Дауэ щымытми, Уэлджыр Жыраслъэн зэрыжиІамкІэ, Ипщэ Федеральнэ округым и адрей щІыналъэхэм ельытауэ, хуабэ энергием, коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щагъэуващ нэхъ зэпІэзэрыту бжыгъэхэм. *(КІэухыр 2-нэ нап.).*

Джылахъстэнейм хьыхь Терекскэ жылагъуэм нобэ куэд зыгъэпІейтей щІы Іуэху зэхущытыкІэр зэманым къигъэув мардэхэм къезгъэну. Къуажэдэсхэри арэзы техьэуэ щызэфІагъэкІащ.

ЩЫ ГЕКТАР миницым щІигъу бзджэндырыдажьэхэм ирагащ. Абы щыщу 80-р гектар зырызу ягъуэщащ нартыкъуэ хъарбызрэ мы илъэсым хэзгъэсэну мурад зыщІахэм. Бжьыхьэсэ гуэдзрэ хьэуэ гектар мин 2-рэ 200-рэ яІэщи, хъарзынэу гъэ щІэжъащ, щІыІэрэ эрэн кьыхуэхьуакъым, зыхуеину щІыгъэнщэрхэри ирахьэлІащ. Къуажэ администрацэм и Іэтащхьэ Къэбардэ Олег щыгъуазэ дызэрищІамкІэ, гъатхэсэм мыгъэу пэрыхьэнущ, и чэзум ар зэрыхэфІакъыкІынуми щэч кьытрахьэрэкъым. Сыту жыпІэмэ, кьуажэ бзджэндырыдажьэхэм гъэм, зэи кьэмыхьауэ, техникэ зэмылІэужьыгъуэ куэд зэрагъэпэщащ. Гъатхэсэм хухаха гектари 100-рщ дяпэкІэ зэхэжьынури, абы трасэну сэхуран, нартыкъ жылапхъэ хэпльыхьахэр кьрашэлІащ, щІыгъэпщэрэмкІи тхьэусыхафэ яІэнукъым. «Къэбардей-Балъкъэрым и жьыг хадзэр къэгъэщІэрэщІэжьын» программэм ипкъ иткІэ, Теркескэ жылагъуэм гектар 30-м щІигъу жыгыщІу щыхэсащ. Жыг гъэкІыным зезыт кьуажэдэсхэми я бжьыгъэм хохьуэ.

ЛЬОСТЭН Муэз.

● Тэрч куей

Гъатхэм хуэхьэзырщ

Дыгъуасэ КъБР-м и Архив Іуэхущ1апІэм зэІущІэ щекІуэкІащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэтр джынымкІэ уней фондэр зэрыщхьэпэм теухуауэ.

ЗЭІУЩІЭР къиз1уихащ а Іуэхущ1апІэм и унафэщІ **Къарэ Арсен**. Абы жиІащ къытщІэхъуэ щІэблэм и блэкІар ящІэу кьэхъунымкІэ щхьэдэ дэфтэрхэм мыхьэнэшхуэ зэраІэр.

Мы зэманым республикэм и Архив Іуэхущ1апІэм уней фонду 140-рэ щызэхуэхьэсащ. Абыхэм кьыщыбгъуэтынущ республикэм и псэуКІэмрэ и экономикэмрэ зауэкьыным зи гуащІэ хэзыльхьа щІыхь щэджащэхэм ятеухуа тхыгъэхэр. Псом хуэмыдэу льапІэщ республикэм, кьэралым я тхыдэр уи нэгу кьыщІэзыгъэувэж сурэтхэр, усакІуэхэмрэ тхакІуэхэмрэ я Іэрытхэр, щІэныгъэлІхэм я лэжьыгъэхэр. Апхуэдэу щытми, щІыу пажэхэм ятеухуауэ дэфтэр мащІэщ архив Іуэхущ1апІэ нэхьыщхьэм щызэхуэхьэсар. А лэжьыгъэр къэзыльхьэхэм ящыщи я щхьэм е я благъэхэм ятеухуа тхыгъэхэр архивым щІалъхьэну нэхьыбэр арэзы зэрымыхьур.

ЗэІущІэм кьыщыпсэльащ иджырей лъэхъэнэмкІэ КЪБР-м и архив Іуэхущ1апІэм и кьудамэм и унафэщІ **Ащхьэтэ Раисэ,** а Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэхэу **ЩхьэгъэнсуЕленэрэ Умэж Еленэрэ**, Дзэлыкъуэ куейм и тхыдэдж-архивистхэм я зэгугъэныгъэм и унафэщІ **Вэрокъуэ Риммэ**, Прохладнэ районым кьихьэ Екатеринградскэ станицэм дэт музейм и унафэщІ **Гах Татьянэ**, тхакІуэ **Крушельницкий Валерий** сымэ.

ЩХЬЭПЭЩМЫЩІИІЭ.

Насыпыншагъэ

Москва областым щыІэ Одинцовэ куейм насыпыншагъэ ин кьыщыхъуащ.

Словакиеми и цІыхум зэрэгъакІуэ «Больво» автомашинэр «КамА 3»-м жьэхэуащ, иужькІэ нэгъуэщІ лъэныкъуэмкІэ гъуэгум тельадэри, «Газель» автобус щыщІыкІыр щхьэпригъэдзащ. Иужьрейм исахэу щІыхуи 7 хэкІуэдащ, 6-м фэбжь зэмылІэужьыгъуэхэр ягъуэтащ.

Президентым къыхилъхьэри

Рязань областым и губернатору хахащ Къэрал Думэм и комитетхэм ящыщ зым и унафэщІу щыта Ковалев Олег.

Абы и телъхьэу Іэ яІэтащ область хабзэгъэув зэхуэсым и депутатхэм я нэхьыбэ дыдэм.

ЩІынальэм и Іэтащхьэ хъуам и кандидатурэр кьыхэзыльхьар УФ-м и Президент Путин Владимиру.

ФІыкІэ зыщагъэлъагъуэркъым

Ижь зэманым Урысейр зыбжанэрэ жэуапым щрашалІэ нэхъ къэрал зыбжанэм.

Таиландым и лъэхъуэщым исщ Бут Владимир. Ар ягъэкъуанщэ хабзэм ебакъуэу Іэщэ зэрищамкІэ икІи, пэжу кьыщІэкІмэ, тезыру тральхэнущ ильэси 10-м нэс. Камбоджэм и суды ильэс 13-кІэ лъэхъуэщым исыну ягъэтІысащ урысей хьэрычэтыщІэ Трофимов Александр. Турист псэуальэхэр а къэралым щызыхуэу щІалэр ягъэкъуэншащ балигъ мы хьэуа хьэщІмэрэ щІыкІым лей зэрырихамкІэ.

Хьэуаэзэм къыхащІыкІ

Китайм щагъэхъэзыращ хьэуаэзэм къыхащІыкІ гъэсыныпхъэ ткІуаткІуэ.

Къэралым и еджагъэшхуэхэм зэрыжаІэмкІэ, мы гуэхум ильэс гъуэнщІ зэхуабжьу зрагъэубгъунущ.

Фащэщ1экІэ

Мы гъэм накьыгъэм и 9-м Москва и Кремлым и деж щекІуэкІыну Дзэ парадым хэтынухэр фащэщ1экІэ хуэпащэ икьутынущ.

Ахэр яд Юдашкин Валентин игъэхьэзыра бзыпхъэм тету.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

Гъатхэпэм и 15, *щэбэт*

◆Белоруссие Республикэм и къэрал гуфІэгъэущ - Конституцэм и махуэщ (1994).

◆ Мэжэр (Венгрие) Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъэущ - 1848 - 1849 гъэхэм екІуэкІа революцэмрэ щхьэхуитщІыжакІуэ бэнэныгъэмрэ щыщІидза махуэщ.

◆Гъатхэпэм и 15-18-хэм Москва областым щекІуэкІынущ «Интурмаркет-2008» III дунейпсо туристыр выставкэр.

◆Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 6-рэ дакьикъэ 20-м, кьуэхьэжьнущ сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 14-м.

◆Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 11-рэ дакьикъэ 57-рэ.

Гъатхэпэм и 16, *тхьэмахуэ*

◆ 1978 гъэм американцэхэм Вьетнамым и ипщэ лъэныкъуэм щыІэ Сонгми кьуажэр зэтрагъэсхьащ. Сабий 250-м щІигъу яхэту щыту 504-рэ хэкІуэдащ.

◆ Гъатхэпэм и 16-17-хэм Цюрих (Швейцарие) щекІуэкІынущ урысей экономикэ, финанс форумым и 7-нэ сессиер.

◆ Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 6-рэ дакьикъэ 18-м, кьуэхьэжьнущ сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 15-м.

◆ Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 11-рэ дакьикъэ 57-рэ.

Гъатхэпэм и 17, *блыщхьэ*

◆1968 гъэм дипломат зэхущытыкІэхэр зэхуэгъэуващ СССР-мрэ Маврикие Республикэмрэ.

◆Гъатхэпэм и 17- мэлыжьыхьым и 18-хэм Нью-Йорк щекІуэкІынущ ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ комитетым и 92-нэ сессиер.

◆Гъатхэпэм и 17-19-хэм Гонконг (Сянган) щекІуэкІынущ 6-нэ дунейпсо кинофестивальр.

◆ИлъэсИ 100 и пэкІэ кьалъхуащ совет тхакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, «ЦІыхух хьарзынэм и хьыбар» повестыр (адыгэбзэкІэ зэрыззрадзэкІар апхуэдэуэ), романхэр зи Іэдакъшэкі, «Юность» журналым и редактор нэхъыщхьэу, нужькІэ Мамырыгъэм и совет фондым и унафэщІу щыта Полевой (Карнов) Борис (1908 - 1981).

◆Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 6-рэ дакьикъэ 16-м, кьуэхьэжьнущ сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 16-м.

◆Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 12.

Планэтэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Лъэпкъ Іуэцыгъэ:

Гъатхэм жеяр бжьыхьэм магьыж.

Сэбэпынагъ зыпылъ зэхуэс

ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэм и Іуэхущ1апІэм и къэрал Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щы-Іэм и дежи къыщІэзэрагъэпэща эксперт советым хэтхэр дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щыІуэщІащ Санкт-Петербургэ щыІэ «Стратегие» гуманитар, политологие центрым и президент, граждан жылагъуэмрэ цІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ Іуэхущ1апІэм зегъэужьыныжьмкІэ УФ-м и Президентым и деж щыІэ советым хэт щІэныгъэлІ цІэрыІуэ, цІыхум и хуитыныгъэхэр хъумэным елэжь **Сунгуров Александр**.

Хьэщ1эм зэІущ1эм кьрихьэлІахэм яхуиІуэтащ граждан жылагъуэ зэтегъэувэныр дан къэралым зэрыщекІуэкІыр, абы пыщІауэ кьыкьуэкІ гугъуехьэхэр зыхуэдэр. Хэхауэ ар тепсэльыхьащ цІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэм и Іуэхущ1апІэм игъэзащІэ кьалэнхэм. Омбудсменхэр мы зэманым Урысей Федерацэм и щІыналъэу 44-м щыІэщ. Абыхэм ящыщу куэдым пэжыгъэшхуэ зэрфІагъэкІ икІи я Іуэху зехьэкІэм куэдым хууеущий. Сунгуров Александр кьыхигъэщащ мы Іуэхущ1апІэр ди республикэм кьызэрыщыззрагъэпэщрэ куэд мыщІамк, абы хъарзынэу зэрызиужьыр.

ЗэІущІэм кьыщІэта Іуэху псоми зэІухауэ, нехьэкІ-кьеХьэкІ хэмыльу тепсэльыхьащ. Абы хэтахэм зэрыжаІамкІэ, псалъэмакъыр хьэлэмэту икІи сэбэпынагъ пылъу екІуэкІащ.

ЗэІущІэм хэтащ КЪБР-м и Президентым и чэнджэщэгъу профессор Думэн Хьэсэн. Ар иригъэкІуэкІащ ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ **Зумакулов Борис**.

УСХУРОВ Жамал.

■ Лъэпкъ Іуэху ■ Щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ ■ Футбол

КЪЭБЭРДЕЙ

Щбэт къыдэкІыгъуэ

■ ТВ, радио нэтынхэр ■ Малъхъэдис

Нэхъыбэкіэ дагъэгугъэ

Профсоюзхэм Щнхабзэмкі я гуэм иджыблагъэ щекІуэкІащ «Вагъуэ 12» зыфІащ концерт дахэ. Фащ1ам къыззригъэльагъэущ, утыкум кьихьащ артист пІэрыІуэмэ уэрэджьІащІуэ гуэмэ 12. Сокъур Олег, Текуев Аминэ, Тешеев Адам, Хьыжьрокъуэ СультІан сымэ, нэгъуэщІхэри хэту. Пщыхьэм къыззригъэпэщат «Эльбрус-АРТ» концерт компаниемэ.

ДИ ГУАПЭ зэрыхъунщи, Налшык къыщоуэнэху ди щІалэгъуалэр дзэзыхъэхьи, я зэфІэкІыр кьыщагъэльэгъуфын, псом я щхьэрапщ, зэчий зыбгъэдэлъ ныбжьыщІэхэр наІуэ зэхьэщІыфын Іуэхущ1апІэхэр. Зи гугъу тщІы пшыхьри зы Іуэхугъуэ дахэм и къежьапІэщ. Абы и кьызэгъэпэщакІуэхэм я мурадщ SMS ІэтэткІэ уэрэджьІакІуэхэм я нэхьыфІу 12 кьыхахыуэ я ахэр зыхэт концертхэр зэхашэну. Іэ хуаІэт хъунущ Кавказ Ищхьэрэм и уэрэджьІакІуэ дэтхэнэ зыми. Ящэ увыпІэ 12-р зыубыдхэр пщыхьэщхьэкІэрэ екІуэкІ «Форт мажор» макъамэ программэм къигъэльэгъунущ икІи абыкІэ щІыхуэхэм я уэрэджьІакІуэ зыкъыщІэлъхьэну концертым хэтынущэр. Абыхэм саугъэт пащІэу клип зырыз хутрахынущ.

Иджыри зы Іуэхугъуэ къыхэзыщІыхьэщ. «Эльбрус-АРТ» компаниемэ и гугъэщ зыми зымыщІыкІу ягъэзащІэкІыну ныбжьыщІэхэр зэрыгъэкІуэну къыщІэкІынущ. Аехри хэтынущ щІэхьэщхьэкІэрэ екІуэкІ «Форт мажор» макъамэ программэм къигъэльэгъунущ икІи абыкІэ щІыхуэхэм я уэрэджьІакІуэхэм я концертым хэтынущэр. Абыхэм саугъэт пащІэу клип зырыз хутрахынущ.

«Вагъуэ 12» концертыр щищІыкІ «Эльбрус-АРТ» компаниемэ мыльку кІэ зыкъыщІагъэкъуащ «Сфера» рекламэ агентствэм, «Sirius.Com» Іуэхущ1апІэм, «IMAGO», «Твоя Тема» журналхэм.

ИСТЕПАН Залиф.

Іуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр

ди деж нэхъ щызэпІэзэрытщ

(КІэухыр. Пэщідзэзр 1-нэ нап.)

Апхуэдэу доклад зыщІам къыхиутэщащ КЪР-м и Щыхэрэм иращэ газым и уасэу ди деж щагъэувэхэр Урысей Федерацэм Тарифхэмкіэ и федеральнэ кулыкъым къищтэху къару яІэу зэрыщымытыр. Гугъуехь нэхъ ин дыдэхэм ящыщу Къардж Жыбэлъэн къыкІэрэщащ Тарифхэм зэрагъэув щыкІэм зыгуэркІэ хэлэбэну щыналъэхэм къару зэрамыІэр. Атіэми, абы и льэныкъуэкІэ къащта унафэхэр гъэзэщіа зэрыхъумкІэ жэуап зыхьыр Урысей Федерацым и субъектым и гъэзэщІакІэм властыращ.

КЪР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министр **Тюбеев Альберт** зэІуІэщІэм щыжиІащ нэхъ хуэмышІауэ псэу цІыкІу гупхэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыным, хэзауэ къащтэмэ, абыхэм псэупІэмкІэ коммунальнэ Іэхэутыхьэбзэхэмрэ щІат уасэм щыщ ІыхьэкІэ яхэупшынысыжьхэм республикэм и Правительствэм гулъытэ хэха зэрыхуищІыр. Абы и льэныкъуэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Іэмал нэхъыбэ хуэсэу тІу къыщагъэсэбэп. Абыхэм ящыщу япэр - федеральнэ, щІыналъэ законодательствэхэм япкъ иткІэ, цІыхухэр зыхиубыдэ гупхэм ятещІыхьауэ, псэупІэмрэ коммунальнэ Іэхэутхьэбзэхэмрэ я уасэхэр тынымкІэ яІэрыпкъынущ. ЕтІуанэр - псори зэхэту хэхъуэу яІэм щыщу процент 22-м щІигъур псэупІэмрэ коммунальнэ Іэхэутхьэбзэмрэ я уасэхэм тезыгъэкІуадэ унагъуэхэм субсидиехэр яхуэхэнырыщ. Министрым зэрэжиІамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм ящыщу цІыху 226163-м псэупІэмрэ коммунальнэ Іэхэутхьэбзэхэмрэ я уасэр тынымкІэ льготэхэр къагъэсэбэп.

Тюбеев Альберт депутатхэр щыгъуазэ ищІащ псэупІэмрэ коммунальнэ Іэхэутхьэбзэхэмрэ я уасэхэр тынымкІэ субсидиехэр 2007 гъэм щІышылэм и 1-м щыщІэдзауэ цІыхухэм банкхэм щаІэ счетхэм зэрыхуахалъхэр, зыхуэфащэ жыпІагъуэхэм банкхэм я Іэхэутхьэбзэхэмрэ, а ахъшэр связым и Іэхэутхьэбзэхэм я лэжьакІуэхэм зэрыхуахьыр. Апхуэдэу ахъшэр связым и лэжьакІуэхэм хуахь я уэзыншагъэкІэ е ныбжькІэ зи щхьэ Іэуэу зезымыхуэжьыф, банкхэм счетхэр къыщыдэІэзымыхьыр цІыхухэм. 2007 гъэм псэупІэмрэ коммунальнэ Іэхэутхьэбзэм я уасэхэмкІэ субсидиехэр республикэм унагъуэу исым я проценти 7-м щІигъуи, псори зэхэту унагъуэ нэхъ хуэмышІауэ 17588-м, къагъэсэбэпащ. Апхуэдэ субсидиехэм кІэлал ахъшэу сом мелуани 102,3-рэ е зы унагъуэм тещІыхьауэ ику иту мазэ къэс сом 903-рэ трагъэкІуэдащ.

Илъэс псом субсидиехэр мазэ къэс ягъэуІа пІальэхэм къриубыдэу ятащ икіи 2007 гъэм тещІыхьауэ псэупІэмрэ коммунальнэ Іэхэутхьэбзэхэмрэ я уасэхэмкІэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іэхэутхьэбзэхэм я щІыхуэ республикэ бюджетым телъкъым.

ЗэІуІэщІм щыжиІащ псэупІэмкІэ субсидиехэр яхуэхэнырыщ тешхуэ унагъуэр КЪР-м и кІалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ я щІыналъэ управленхэм къызэращтэр. Тюбеев Альберт къыхиутэщащ субсидиехэр псэупІэмрэ коммунальнэ Іэхэутхьэбзэхэмрэ я уасэхэмкІэ щІыналъэ стандартхэр зыхуэдэщым тещІыхьауэ къызэрабжыр. Апхуэдэ хабзэр иджы япэу къагъэсэбэпауэ араш. Ар нэсу йоозэгъ Урысей Федерацым и щІыналъэ псоми субсидиехэр тынымкІэ къыщагъэсэбэп хабзэу ПсэупІэ кодексым щыгъэбелджылам.

Министрым къыхигъэщхьэхуІащ псэупІэмрэ коммунальнэ Іэхэутхьэбзэхэмрэ я уасэхэмкІэ субсидиехэр унагъуэ нэхъ хуэмышІауэ щІахэм иратын папщІэ трагъэкІуэдану республикэ бюджетым 2008 гъэм сом мелуани 164-рэ зэрыщыкуухаар, абы къыхэкІыу республикэм ис унагъуэхэм ящыщу нэхъыбэм зэрадэІэпыкъуфынур.

КЪР-м и Парламентым и Унафэщ Іи и къудзэ **Федченкэ Людмилэ** щІэуэщІащ субсидиехэр хуэхахи папщІэ цІыхухэм документхэр щатын хуей пІальэхэр зыхуэдэм.

Тюбеев Альберт и жэуапым къыззэрыхэщамкІэ, субсидиехэр зыхуэхахэм зыхуэфащэ документхэр илъэс ныкъуэ къэс къагъэщІэрэщІэжьын хуейщ. Абы къыжэкІыу министерствэм и мурадщ а лэжьыгъэр къэзыгъэпсынщІын Іэнатіэ щІыналъэ управленхэм къыщызэрегъэпэщыну. А Іэнатіэм щІэсхэм зыхуэфащэ документхэр езыхэм зэхуахьэсынущ лъэІукІэ къабгъэдыхьам и паспортымрэ ар щыпсэу унэм и документхэмрэ фІэкІ къыІамыхыу. «Дэ ди мурадщ унагъуэ пэжьжэІэм мы гъэм и кум ирихьэлІэу дыхуэхІуэну», - жиІащ Тюбеев Альберт.

Доклад зыщІахэм жаІахэм щыгъужу къэпсэльащ Урысей Федерацым и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Іэмал нэхъыбэ хуэсэу тІу къыщагъэсэбэп. Абыхэм ящыщу япэр - федеральнэ, щІыналъэ законодательствэхэм япкъ иткІэ, цІыхухэр зыхиубыдэ гупхэм ятещІыхьауэ, псэупІэмрэ коммунальнэ Іэхэутхьэбзэхэмрэ я уасэхэр тынымкІэ Етіуанэр - псори зэхэту хэхъуэу яІэм щыщу процент 22-м щІигъур псэупІэмрэ коммунальнэ Іэхэутхьэбзэмрэ я уасэхэм тезыгъэкІуадэ унагъуэхэм субсидиехэр яхуэхэнырыщ. Министрым зэрыжиІамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм ящыщу цІыху 226163-м псэупІэмрэ коммунальнэ Іэхэутхьэбзэхэмрэ я уасэр тынымкІэ льготэхэр къагъэсэбэп.

Тюбеев Альберт депутатхэр щыгъуазэ ищІащ псэупІэмрэ коммунальнэ Іэхэутхьэбзэхэмрэ я уасэхэр тынымкІэ субсидиехэр 2007 гъэм щІышылэм и 1-м щыщІэдзауэ цІыхухэм банкхэм щаІэ счетхэм зэрыхуахалъхэр, зыхуэфащэ жыпІагъуэхэм банкхэм я Іэхэутхьэбзэхэмрэ, а ахъшэр связым и Іэхэутхьэбзэхэм я лэжьакІуэхэм зэрыхуахьыр. Апхуэдэу ахъшэр связым и лэжьакІуэхэм хуахь я уэзыншагъэкІэ е ныбжькІэ зи щхьэ Іэуэу зезымыхуэжьыф, банкхэм счетхэр къыщыдэІэзымыхьыр цІыхухэм. 2007 гъэм псэупІэмрэ коммунальнэ Іэхэутхьэбзэм я уасэхэмкІэ субсидиехэр республикэм унагъуэу исым я проценти 7-м щІигъуи, псори зэхэту унагъуэ нэхъ хуэмышІауэ 17588-м, къагъэсэбэпащ. Апхуэдэ субсидиехэм кІэлал ахъшэу сом мелуани 102,3-рэ е зы унагъуэм тещІыхьауэ ику иту мазэ къэс сом 903-рэ трагъэкІуэдащ.

Илъэс псом субсидиехэр мазэ къэс ягъэуІа пІальэхэм къриубыдэу ятащ икіи 2007 гъэм тещІыхьауэ псэупІэмрэ коммунальнэ Іэхэутхьэбзэхэмрэ я уасэхэмкІэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іэхэутхьэбзэхэм я щІыхуэ республикэ бюджетым телъкъым.

ЗэІуІэщІм щыжиІащ псэупІэмкІэ субсидиехэр яхуэхэнырыщ тешхуэ унагъуэр КЪР-м и кІалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ я щІыналъэ управленхэм къызэращтэр. Тюбеев Альберт къыхиутэщащ субсидиехэр псэупІэмрэ коммунальнэ Іэхэутхьэбзэхэмрэ я уасэхэмкІэ щІыналъэ стандартхэр зыхуэдэщым тещІыхьауэ къызэрабжыр. Апхуэдэ хабзэр иджы япэу къагъэсэбэпауэ араш. Ар нэсу йоозэгъ Урысей Федерацым и щІыналъэ псоми субсидиехэр тынымкІэ къыщагъэсэбэп хабзэу ПсэупІэ кодексым щыгъэбелджылам.

Министрым къыхигъэщхьэхуІащ псэупІэмрэ коммунальнэ Іэхэутхьэбзэхэмрэ я уасэхэмкІэ субсидиехэр унагъуэ нэхъ хуэмышІауэ щІахэм иратын папщІэ трагъэкІуэдану республикэ бюджетым 2008 гъэм сом мелуани 164-рэ зэрыщыкуухаар, абы къыхэкІыу республикэм ис унагъуэхэм ящыщу нэхъыбэм зэрадэІэпыкъуфынур.

КЪР-м и Парламентым и Унафэщ Іи и къудзэ **Федченкэ Людмилэ** щІэуэщІащ субсидиехэр хуэхахи папщІэ цІыхухэм документхэр щатын хуей пІальэхэр зыхуэдэм.

Тюбеев Альберт и жэуапым къыззэрыхэщамкІэ, субсидиехэр зыхуэхахэм зыхуэфащэ документхэр илъэс ныкъуэ къэс къагъэщІэрэщІэжьын хуейщ. Абы къыжэкІыу министерствэм и мурадщ а лэжьыгъэр къэзыгъэпсынщІын Іэнатіэ щІыналъэ управленхэм къыщызэрегъэпэщыну. А Іэнатіэм щІэсхэм зыхуэфащэ документхэр езыхэм зэхуахьэсынущ лъэІукІэ къабгъэдыхьам и паспортымрэ ар щыпсэу унэм и документхэмрэ фІэкІ къыІамыхыу. «Дэ ди мурадщ унагъуэ пэжьжэІэм мы гъэм и кум ирихьэлІэу дыхуэхІуэну», - жиІащ Тюбеев Альберт.

Доклад зыщІахэм жаІахэм щыгъужу къэпсэльащ Урысей Федерацым и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Іэмал нэхъыбэ хуэсэу тІу къыщагъэсэбэп. Абыхэм ящыщу япэр - федеральнэ, щІыналъэ законодательствэхэм япкъ иткІэ, цІыхухэр зыхиубыдэ гупхэм ятещІыхьауэ, псэупІэмрэ коммунальнэ Іэхэутхьэбзэхэмрэ я уасэх

«Спартак-Налшык» - 2008

Красножан Юрэ

Былымгъуэт Анзор

Балэ Владимир

● Зэпеуэм и пэ къихуэу

Гъуэгу махуэ трагъэувэ

Урысей Федерацэм и премьер-лигэм и зэхьэзэхуэр щIидзэн и пэ къихуэу Профсоюзхэм я Уардуэм «Спартак-Налшыкым» и унафэщIхэмрэ футболистхэмрэ ди командэм кьыдэщIхэм яхуэзащ. Нэгъабэрей ахуэдэ зэIущIэм елытауэ, мы гъэм а зэIущIэм къекIуэлIа цIыхухэм я бжыгъэр куэдкIэ нэхъыбэт. Мазипл1 хъуауэ гъэ джэгугъуэм нэпльэхэм хьэщIэхэр IэгуауэшхуэкIэ къраГъэблагъащ. Абыхэм упщIэ зэхуэмыдэ куэдкIэ зыхуагъэзащ командэм и унафэщIхэм, тренерхэм, футболистхэм

- «Спартак-Налшыкыр» мыгъэрей зэхьэзэхуэм зэрыкъуэхъэзырым, 2008 гъэ джэгугъуэм зыщыкъуэвгъэуныкъ кьалэнхэм фыкьыгъэтепсэльыхьамэ ди гуапэт.

Красножан Юрэ *(«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ):* - Япэрауэ, псоми сыныбохьуэхъу гъэ джэгугъуэр ияха нэужькIэ, нобэр кьыздэсым зыгъэсэныгъэ едгъэкIуэкIахэм тренерхэр футболист 53-м щыкIэльыпIащ. Абыхэм цIыхуипщI кьахэтхащ, я джэгукIэхэр нэхъ дигу ирихьу, командэр ягъэльэщIыфыну къэтлыгтэу.

Иджыпсту гупыр кьанэ щымыIэу зэхьэзэхуэм хуэхьэзыру жысIэфынукъым - дэтхэнэ зы командэри апхуэдэщ. Си фIэщ мэхъу зыхуэдгъэувыжа кьалэнхэм япэ дищ мыхьумэ, дакьыкIэрымыхуу дыуэрекIуэкIынур. Мыр гугъэ къудейуэ аракьым, атIэ щIалэхэм я лэжьакIэр, я гукъыдэжыр зи лъабжьэщ.

Гъэ джэгугъуэр ди джекIэ тынш зэрымыхьынур нагуэщ, ауэ зэрыгугъэкIкIэ нэхъыфIу зыкьыздэсыгъэльэгъуэным аужь дитынущ. Турнир таблицым и 12 - 13-нэ увыпIэхэм ущIэхъуэпсынырсфIэтэмэмкъым. ЩыIэр япэ увыпIэ закъуэращи, абы сыт и лъэныкъуэкIи дыхущIэкъунущ.

Псоми къыдгурыIуэу кьысщохьу, нэхъапэхэм адрей клуб нэхъ лъэщхэм дакъыкIэрыхуу зэрыщIытар. Иджы абыхэм дальэщIыхьэжьын хуейуэ араш.

КьищынэмыщIауэ, ди командэм кьыдэщIхэм фхудиIэ пыщIэныгъэхэр зэредгъэфIэкIуэным, нэхъ быдэ зэрыгущIыным иужь дитынущ. Къэпщэнщ нэгъабэрей гъэ джэгугъуэри, дэ ди зэхущытыкIэр куэдкIэ нэхъыфI хъуащ: псори зы гущыдыхэкъуэтащ, дяпэкIэ нэхъыфIжьи дыз эрыхьынуи щэч кьытесхьэркъым. ФIыщIэшхэу фхузощI псеымыбдзэжу, хабзэ фхэлъу «Спартак-Налшыкым» фыкьызэрыдэщIым папщIэ. Сыт хуэдэ кьалэн зыхуэдгъэувыжами, фэ фыдимыгъуесэмэ, ар и кIэм нэсу кьыдэхъулIэнукъым. Гъэ джэгугъуэщIэр екъуэлIэныгъэкIэ етхьэкIыну псоми сыныбохьуэхъу!

- Си упщIэр зыхуэгъэзар Гогуэ Гогитэщ. Сыт хуэдэ мурадхэр уиIэу Налшык къэбгъэзэжа?

- Сэ си мурадыр зыщ: «Спартак-Налшыкым» и гъусэу текIуэныгъэ нэхъыбэ кьыдэрытхьыным сыхущIэкъунущ.

- Командэ кьедгъэблагъэхэм я гъусэу кьадэщIыну кьакIуахэм ди стадионым Iуэху мыщхьэпэ гуэрхэр кьыщагъэхьей. Абы и ужькIэ Мэзкуу кьыздраша журналистхэр кьагъэсэбэпуэ, хьыбарегъащIэ Iнатlэхэм Къэбэрдей-Балькъэрыр, абы и щIыхуэхр хуэгъэщIащ. Апхуэдэхэм я деж я мыарэзыныгъэр кьраГъэлъагъуэу «Спартак-Налшыкым» и унафэщIхэр тхьэуцыхэу щхьэ дымыльагъуэ? Абыхэм ди республикэр тонджэгуншэу кьагъэнэнкIэ щынагъуэщ.

Былымгъуэт Анзор *(«Спартак-Налшыкым» и директорхэм я советым и тхьэмадэ):* - Ди жагъуэ зэрыхьынущи, апхуэдэ зэщIеиныгъэхэм кьежьапIэ яхуохьу «Спартак-Налшыкым» кьыдэщI я зыныкъуэхэм зэрахьэ мыхьумыщIагъэхэр.

Пэжщ, зыныкъуэ командэхэм кьызэдашэ журналистхэм кьэхуакъащIэхэр гъэбзэгъуэуэ, сгъэлеяуэ ягтхыж. Ауэ фегупсысыт, абыхэм ятхэми кьежьапIэ гъэрыщIэ. Дэ псори дыхущIэкъун хуейщ ЕйкIэ ди цIэ кьраГъэну Iэмал зыми едмытыным. КьысхукъуэкIа Iэмалыр кьэзгъэсэбэпу, «Спартак-Налшыкым» кьыдэщI псоми захуэогъаэ - ди командэм и джэгукIэхэм Налшык дыщепльыжьыну дыхуейм э, зэIущIэр щекIуэкIым и деж джэгупIэ гъэбгъуэм зыгуэрэр кьывмыдэ, хьэщIэхэм кьадэщIхэм псалъэмакъ кьаIэтыну хущIэкъуэщ, абыхэм жэуап евмытыжу зыхуэзгъэщэч. Ар псори щIэфщIэжьрапхуэдизу фыкьызыдэщI «Спартак-Налшыкырщ».

- ЩIыпIэ гъунэгъуэхэм я командэхэм «Спартак-Налшыкыр» кIуэуу щадэджэгунум дж абы дыкIуэным теухуауэ клубыр зыгуэркIэ сэбэн кьытхуэхьэфыну?

Б.А.: - Дэ, зэрыгущIэкIкIэ, щIэгъэкъуэн дыфхуэхьунущ. Ауэ етIуанэу дыщыджэгунур Гроэнэ кьалэращи, сыхуейтэкъым абы фынэкIуэну. Псори фыщыгъуазэщ Iуэхур зыгетым. Мыдрейхэм зэкIэ дытепсэльыхьынкъым. Джэгугъуэхэр кьыщыблагъэм ирихьэлIэу зэхэдгъэкIыурэ тщIынщ.

- ДызэрыщыгъуазэмкIэ, клубым и мыльку мы гъэм фIыуэ кьыхэхьуащ. Сыт атIэ джэгупIэ губгъуэр тэмэму зыхуей щIыхуэмыгъазэр?

Б.А.: - Абы куэд егъэпIейтей, командэм и унафэщIхэри хэту. «Спартак» фIэщыгъэщIэрзейр Старостин и цIэкIэ щыIэ фондращ. Ди командэм ар кьыздэгъэсэбэпым цIыхуитIыр хуей мэхъу. Абы щыгъуэм, цIэр тхьуэжмэ, нэхъапэм Налшык и «Спартакым» щыдэжгъахэм я жагъуэ тщIынри Iуэхум хэлъщ. Дауэ щытхьи, нэхъыфIу кьыщыдэкIынт ди командэм нэгъуэщI фIэщыгъэщIэ кьыхуэдгупсысамэ.

- Испанием щекIуэкIа «La Manga Cup» турнирыр дауэ кьыхфщыхьуа?

К.Ю.: - ИкъукIэ зэпеуэ гъэщIэгъэунщ. Дэ Iэмал кьытхукъуэкIащ хамэ кьэралхэм я топджэгу нэхъыфIхэм я джэгукIэмрэ дыдеймрэ зэдгъэпщэну. Ди командэм лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ дыщыкIэльыпльащ. Iэмал диIэмэ, етIанэгъи турнирым дыхэтынущ.

- «Спартак-Налшыкым» и сайтыр тэмэму щIэмыльажьэр сыт? Тонджэгум дихьэхъуэм я гуапэт командэр нэгъуэщI кьалэхэм щыджэгухэм деж зэIущIэр зэрекIуэкIым теухуа тхыгъэ кIэщIхэр сайтым кьиифльхьэм?.

Б.А.: - А гукъеуэм дэри дыщыгъуазэщ. Иужь дитщ ар тэмэму зэрызэтедлухуэным.

- Гъуащхьэтетхэм ящыщу хэт фи дыхь нэхъ зэвгъэзыр?

К.Ю.: - НобэкIэ гъуащхьэтету плIы диIэщ: Антипов Антон, Кращенкэ Сергей, Радич Деян, Хомич Дмитрий. НэхьыфIу зыкъэзыгъэльагъуэр гъуэм дэтыну.

- «Спартак-Налшыкым» ди республикэм щыщу футболист нэхьыбэ щхьэ щымыдзэгъуэр?

Заруцкий Александр *(«Спартак-Налшыкым» и техническэ директор) -* НэгъуэщI щIыпIэхэм кьитщ тонджэгу щIалэхэр нэхьыфIу сытым дежи кьэтлыпгъэ аракъым. Псом япэрауэ, дэ дыхущIокъу текIуэныгъэ нэхьыбэ кьызэрытхьыным. Ауэ абы кьыдэкIуэуи ди щIалэщIэхэм дахопльэ, нэхьыфIхэри кьыхьдощ, дяпэкIэ дадэлэжьэну.

ДызыхуэкIуэ зэманым «Спартак-Налшыкым» и нэIэ щIэту кьызэригъэпэщыну и мурадщ футбол щкI. Ар зытелэжьэнур ди командэм футболист Iэзэхэр хуигъэхьэзырынырщ, нэгъуэщI щIыпIэхэм кьыщыдмылъыхьуэу.

- Рикардо, изгъабэ ди командэм хэта уи упщIэ-джэгъум топибл дигъэкIащ. Абы уефIэкIыну уи гугъэ?

- Шэч кьытевмыхьэ!

- Си упщIэр зыхуэгъэзар Красножан Юрэщ. НэгъуэщI командэхэм тренер нэхъыщхьэу урагъэблэгъауэ жаIэри, пэж? «Спартак-Налшыкым» куэдрэ ущылэжьэну?

К.Ю.: - Пэжщ, апхуэдэ псальэмакъэр щыIащ. Ауэ ар хэт кьыбгъэдэкIами, жысIэфынукъым. «Спартак-Налшыкыр» кьысхуэныкъуэху абы сыдэлэжьэнущ.

- Стадионым и ипщэ гъуащхьэхэм я щIыбатхьэмкIэ трибуэ щыкъуэну хьыбар щыIэщ. Абы и пэжыпIэр кьыджефIамэ арат.

Б.А.: - Зэкъэ апхуэдэ лэжьыгъэм ижь дихьэнукъым. Армырами мы гъэм стадионым лэжьыгъэшхуэ щедгъэкIуэкIащ.

Сыхьэтит1 нэблагъэкIэ екIуэкIа зэIущIэм кьрихьэлIа псоми я гурыльхэр, чэнджэщэр командэм и пащхьэ кьралъхьащ. Я упщIэхэм кьрата жэуапхэмкIэ арэзыуэ Iэгуауэ инкIэ «Спартак-Налшыкыр» ещанэу премьер-лигэм и гъуэгу махуэм трагъэуващ.

Гъуащхьэтетхэр: Радич Деян, Кращенкэ Сергей, Хомич Дмитрий.

Гъуащхьэхъуэмэхэр: Амисулашвили Александр, Филатов Валентин, Джудович Миодраг, Ятченкэ Дмитрий, Шумейкэ Виталий, Кисенков Владимир, Васин Виктор.

Гъуащхьэхъуэмэныкъуэхэр: Мэшыкъуэ Аслъэн, Самсонов Олег, Дзыхьмыщ1 Марат, Джатэрывэ Къазбэч, Гогуа Гогитэ, Рикардо Байану, Кочубей Кирилл, Балэ Рустам, ДыщэкI Аслъэн, Патюк Олег.

Гъуащхьауэхэр Роденков Юрэ, Къужэр Назир, Сиразде Давид, Калимудлин Рустем, ХьутIэ Расим, Фелипе Алмейдэ, Бикмаев Марат.

ГЪАТХЭПЭ
Март

Бл.	3	10	17	24	31
Гъу.	4	11	18	25	
Бр.	5	12	19	26	
Мху.	6	13	20	27	
Мр.	7	14	21	28	
Щб.	1	8	15	22	29
Тхь.	2	9	16	23	30

НАКЪЫГЪЭ
Май

Бл.		5	12	19	26
Гъу.		6	13	20	27
Бр.		7	14	21	28
Мху.	1	8	15	22	29
Мр.	2	9	16	23	30
Щб.	3	10	17	24	31
Тхь.	4	11	18	25	

ШЫЩХЬЭIУ
Август

Бл.	4	11	18	25	
Гъу.	5	12	19	26	
Бр.	6	13	20	27	
Мху.	7	14	21	28	
Мр.	1	8	15	22	29
Щб.	2	9	16	23	30
Тхь.	3	10	17	24	31

ЖЭПУЭГЪУЭ
Октябрь

Бл.		6	13	20	27
Гъу.		7	14	21	28
Бр.	1	8	15	22	29
Мху.	2	9	16	23	30
Мр.	3	10	17	24	31
Щб.	4	11	18	25	
Тхь.	5	12	19	26	

ПэщIэдзэ зэIущIэхэр

Япэ къекIуэкIыгъуэ
Япэ джэгугъуэ
Гъатхэпэм и 14
(мэрем)
«Тэрч» (Прозэ) - «Крылья Советов» (Самарэ)

Гъатхэпэм и 15
(щэбэт)
«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Сатурн» (Мэзкуу область)
ЦСКА (Мэзкуу) - «Шинник» (Ярославль)
«Химки» (Химки) - «Амкар» (Пермь)

Гъатхэпэм и 16
(тхьэмахуэ)
«Локомотив» (Мэзкуу) - «Рубин» (Къазан)
«Луч-Энергия» (Владивосток) - «Москва» (Мэзкуу)
«Зенит» (Санкт-Петербург) - «Спартак» (Мэзкуу)
«Томь» (Томскэ) - «Динамо» (Мэзкуу)

Етlуанэ джэгугъуэ
Гъатхэпэм и 22
(щэбэт)
«Сатурн» - «Тэрч»
«Крылья Советов» - ЦСКА
«Спартак» - «Томь»
«Шинник» - «Локомотив»

Гъатхэпэм и 23
(тхьэмахуэ)
«Спартак-Налшык» - «Амкар»
«Рубин» - «Луч-Энергия»
«Москва» - «Зенит»
«Динамо» - «Химки»

Зэныбжьэгъугъэ зэIущIэ

Гъатхэпэм и 26
(бзэрэжьей)
Румыние - Урысей Федерацэ

Ещанэ джэгугъуэ
Гъатхэпэм и 29
(щэбэт)
«Тэрч» - **«Спартак-Налшык»**
«Луч-Энергия» - «Шинник»
«Химки» - «Спартак»

Гъатхэпэм и 30
(тхьэмахуэ)
ЦСКА - «Сатурн»
«Локомотив» - «Крылья Советов»
«Зенит» - «Рубин»
«Томь» - «Москва»
«Амкар» - «Динамо»

МЭЛЫЖЬЫХЬ
Апрель

Бл.		7	14	21	28
Гъу.	1	8	15	22	29
Бр.	2	9	16	23	30
Мху.	3	10	17	24	
Мр.	4	11	18	25	
Щб.	5	12	19	26	
Тхь.	6	13	20	27	

БАДЗЭУЭГЪУЭ
Июль

Бл.		7	14	21	28
Гъу.	1	8	15	22	29
Бр.	2	9	16	23	30
Мху.	3	10	17	24	31
Мр.	4	11	18	25	
Щб.	5	12	19	26	
Тхь.	6	13	20	27	

ФОКIАДЭ
Сентябрь

Бл.	1	8	15	22	29
Гъу.	2	9	16	23	30
Бр.	3	10	17	24	
Мху.	4	11	18	25	
Мр.	5	12	19	26	
Щб.	6	13	20	27	
Тхь.	7	14	21	28	

ЩЭКIУЭГЪУЭ
Ноябрь

Бл.	3	10	17	24
Гъу.	4	11	18	25
Бр.	5	12	19	26
Мху.	6	13	20	27
Мр.	7	14	21	28
Щб.	1	8	15	22	29
Тхь.	2	9	16	23	30

Гу зытъытапхъэ

КьыхэгъэщхьэхуэкIащ «Спартак-Налшыкыр» щыджэгуну щIыпIэхэр:
ди стадионым - ●
нэгъуэщI кьалэхэм - ■

«Спартак-Налшыкым» и унафэщIхэмрэ футболистхэмрэ командэм кьыдэщIхэм щаIуцIам.
Гъатхэпэм и 11, 2008 гъэ

ЩIалэщIэхэм ирагъажьэ

● Дыгъуасэ

Къэралым футболымкIэ и премьер-лигэм хэт командэхэм зэхьэзэхуэм щадзэным зы махуэ нIэжу, абыхэм я щIалэщIэхэр утыку нхьащ.

ИДЖЫРИ къэс екIуэкIа дублерхэм я зэхьэзэхуэм и пIэкIэ дяпэкIэ щыIэнур щIалэгъуалэм я чемпионатщ. Командэ къэс я ныбжьыр илъэс тIощым щIигъуауэ абы хэтыну хуитыр футболистищрэ зы гъуащхьэтетрэщ. Ар зи жэрдэмхэр щогуфэ апхуэдэ щыкIэкIэ щIалэгъуэ алэм нэхъ зауижьыну, гъ уэгу ягъуэтыну.

«Спартак-Налшыкым» и къэкIуэнур зэрымылиейм и щыхьэтщ дыгъуасэ Нарткъалэ и «Химик» стадионым щекIуэкIа зэIущIэр. Абы ди щIалэщIэхэм Мэзкуу областым и «Сатурным» и щIалэгъуалэ командэр 3:2-уэ щыхагъэщIащ. Налшыкдэсхэм ящыщу кьыхэжаныкIащ Гъубж Марат, ХьутIэ Расим, Гъуэщокъуэ Арсен сымэ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭХЭ Зауррэ Замиррэщ. Сурэтхэр тезыхар КЪУЩХЬЭ Чэмалщ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Нысэр

●Хабзэ

зэрыщытыпхъэр

НЫСЭР нэгъуэщI унагъуэ щапIащ, жьэгу къэси и хабзэ гуэркIэ дзэпыжщи, зэрыхъукIэ зыхьпхъам зыдригъэкIуи уейщ. Пэжыщхьэрщи, ар нэмысыфIэу, Iэдэбу щытыпхъэщ.

Нысэм унагъуэм ис псори и зэхуэдэу щытын хуейщ, гукъанэ къыхэмыкIын папщIэ. Унагъуэ зэрыхьам ис пщыкIуэ-пщыпхъуэм езым гъэфIагъыщIэ яфIищу абыкIэ едэжьащи хабзэ дахэщ.

Нысэм и щхьэгъусэм хуиI гу хуабагъэри Iэфы Iигъэри нэрыльагъу, хэIущIыу ищIыныр емыкIыщ. Адыгэ лъагъуныгъэр кьыIэрагъэльагъуэр зэкъущытхьэфIрэ нэмысыфIагъэрэщ. Ми iэгъуэмэ кьыщебгъэкIу псорИ утыку кьыпхьэ хъуамэ, адыгагъэм упыкIащ, ар нэмысиншагъэм и нэщэнэщ.

Нысэм, япэм хуэдэу, гуащэ-тхьэмадэм зыщидзейуэ щымытыжми, егъэлеIуэ я нэгум щIэт зэпытынри емыкIыщ, абыхэм я псалъэм къомыупщIауэ ууей хэпльхьэныр кьекIуркъым.

Нысэм и пщэм кьратъха Iуэхум тэрэзу химыщыкIмэ, щIэупщIэмэ нэхъыбIщ, укIытэм зригъэжьу емыкIу кьихь нэхърэ. Аращ «Упщ1э щIэщхъуркъым» щIыжаIари. Сабийхэмрэ нэхъыжьхэмрэ мыщхьаэу нысэр езыр тIысу щхэныр къекIуркъым. Тхьэмадэр е хамэ щIыху щыту нысэр и сабийм едэхэщIэну е текIуцIыхьыну адыгэ хабзэкъым, ар мыгъэсэнгъэ къыщэрыбдалъагъунщ.

Нысэр зэрыс унагъуэм езым и сабийхэм къыщыIэмэщIауэ, пщыкIуэ-пщыпхъуэм яйхэри щыIэмэ, псоми зэхуэдэу яхущытыпхъэщ, уеблэмэ, езым и бынхэм адрейхэр япэ иригъэщу. ИтIанэ гукъанэ щыIэнукъым.

Нэхъыжьым Iуэху ищIэу нысэм ильагъмэ, дищIэну кьытохуэ. Нэхъыжьым «Сэ сщIэнщ, уэ зыгъэпсэху», - жриIэнырэ гуапагъэщ.

Унагъуэм хьэщIэ кьихьамэ, ар гуапэу иригъэблагъэу, абы и Iуэху зэрыдигъэкIыным нужь итын хуейщ. Унэм кьыщыхьэ дэтхэнэми нысэр хуэтэджьпхъэщ, щыгуфIкIыу гуапэу иригъэблагъэу. Ар адыгэм и пщIэр зыгъэльагъэ и хабзэфIхэм языхэщ.

Нысэр щысу гуащэм е тхьэмадэм зыкъригъэльагъуныр екIуркъым. Ауэ иджыпрей эзманым унагъуэ псор зэгъэусу телевизор щепльэ щыIэщи, емыкIу хэтъкъым нэхъыжьхэм я Iизынкъэ нысэрэ яхэтыхьэным. Ауэ хэуфащэ тIысыпIэри зыщремыгъэгъупщ.

Ерыскъы щыгъэхьэзыркIэ е щIыхьэрхьэкIэ, нысэм, и щхьэцэхэр къыщIэмыщу щхьэфIэпхыкI телъын хуейщ. Ерыскъым щхьэцэ къыхэкIыныр адыгэм дежкIэ емыкIу дыдэщ. Апхуэдэр адыгэм къызэрилъагэу щытар щхьэу кърахьэщ.

Нэхъыжь пащхьэ ихьауэ пэшым къыщыщIэкIыжкIэ, нысэр и щIыбыр яхуимыгъазэу, хуэмурэ къиКIуэтыжь хабзэщ. Ар гъэсэныгъэм и зы Iыхьэщ, бзыльгъуэм и пщIэр зыгъэльагъэщ.

ШЭРДЖЭС Алий.

●ЖыIэгъуэхэр

Уи дзыхь зэбгъэзын уимыIэмэ

♦ДэнэкIэ зыбгъаззми уи пащхьэм къиджэразэ зи хабзэр улъыхъуэжмэ, уэздыгъэ нэхукIи бгъуэтыжыркъым.
♦Насыпэ къэдгъуэну щIохьэпс, къэкIуи гу лъатэркъым, зэрыблэкIыуи щIогъуэж.
♦Уасэ зимыIэр яIэщIэкIмэ, кIэпIейкIэ нэфу ялъагъуркъым, щай и мыуасэр яфIэкIудамэ, хьэдагъэ ящI.
♦ПсалъэныгъэР псэм зэрыфIэфIщ, ныбжьэгъуГэр щхьэм къызэрилажьщ.
♦Уи дзыхь зэбгъэзын уимыIэмэ, уи щхьэ закъуэ - уи лъакъуитIщ.
♦Къыззэрпхущытым хуэдэу узыхущытыжым зы Iей гуэр епщIауэ къыщохьу.
♦Пэжым нэр ирищIмэ, къоплъэж, пщым ирищIмэ, хьэфIэу кьоно.
♦ПщIыр сыт щыгъуи ящIэу яупс, ауэ пэжым гу лъамытэжу къажьэдоху.
♦ЖыIэкIэмыщIэм гупсысэ дахэри фэладжэ ещI.
♦Псалъэр зыжеIэр къонэри, зыщыбгъэпщкIым зэхэх.
♦ЕпIуэкIыу зэманм иумыгъэхьу, жьыи пыкI.
♦Зэ зыхуамыщIэжьифа пэкIрэ, зыри зыхуумыщIэхха.
♦ЗыпIэту упсэлъэн щыхуейм и дежь, угупсысэу ущIэмыкIым.
♦Уаззрефдэкъым къыхэкIыу уакъыгурымыIуэжмэ, укъыдзэтемыувыIэ - ипжкIэ екъу!
♦УмыщIэнIа щхьэкIэ зызэрибгъанэм хуэдиз ерыщыныгъэ хэпльхьэмэ, зызпымыльщыпI щыIэ?
♦ФIы зыхуэпщIам щыгъупщэжи, ар уигу иль зэпытри икIагъэщ.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ЩХЬЭПЭМЫЩI Иэзш.

●Си хъуреягъкIэ

Льагъуныгъэм и къару

СЭ фIыуэ сыщыгъуазэт а тIум я Iуэхум - зым и псэр адрейм эрыхуекуэдам. ЩIалэр шэм ихьыным иIэжар зымащIэщ. Хьыджэбзыр мэзым щIэльэджри, мо бжьыхьэ уэтIпсытIым, емышхэр емыфу тхъэмахуэ енкIэ щIэсащ. Жьлтэ лъыхъакIуэ пхъэрам ар кьагъуэтыжат удэ псыфым зимыщIэжу хэльу. А тIум я адэ-анэхэм я фэм дэкIа жьыхуэпIэм ущIэмыпщIэххэ. Бетэмалу къэнащ льэпкъитIыр зэпэуву эрымыкIыжу.

Иджы хэт ищIэнри ищIэщ, къэхъунри къэхъури, псори я пIэм зэрызгъэжрэ зэманыфIи дэкIыжажэ, зымахуэ саIуощIэ зэпсэгъуэм. Сабий дыгъэ цIыкIу яIыгъми сопль, сыхуэгуфIэу. СымыгъэщIагъэури къанэркым: дунейм кьытехьэн щхьэкIэ сыт хуэдиз и пIэ ирихуа. Сыт хуэдиз зэщхьэщихуа мы сабий цIыкIум, сыту къару иныIуэ зытекIуари!

ХЬЭХ Сэфарбий.

Хуэзэр фэсщIа!

БЕИжЬ ГУЭРЫМ, и лIыщIэхэм я мэкъуэуэкIэм епльнынУ, шы-уанэ зэтрильхьэу здэщыгъым, Дизыкъуажэ бгъэдыхьэкI. Шым гъуэгу пIащэ зыгъух кIэрыхьжьыатэ, зымыуэкIыу зы дакъикъэ щигъэтыртэкъым. Абы Дизыкъуажэ гу щыгъынтэм:
- У элэжьи, зиусэжьи, - жиIащ, - мы иджыпсту щыщIэдзауэ къыфкIэрыхьхьажьхэм тышищыгъэ къыжьмыгъым.
- А тIэ, сыт мыбы Iэмалыр, мы бзаджэнадж эхэм щIопщымкIэ соуэри схутехуэркъым, Iузохури напIэзыпIэм къосыж.
- Iуэм ибубыдэм зэфIэкIакъэ, зиунагъэрэ, - жиIэри къыIуэкIыжащ Дизыкъуажэ. Абы жилар и фIэщыпэ хьауэу бенжьым гъудэхэр Iуэм иригъэхьэну зыкъомрэ кьрихуэкIащ, щымыхьэм, шыр Iуэм иришэри, псынщIэу кьришьыжщ, Iэбжэр игъэбыдэкри дэкIащ, «хуэзэр фэсщIа» жьыхиIэу.

Журналым и кьалэн нэхъыщхьэр КъБР-м фIыуэ щекIуэкI Iуэхугъуэхэр кьэгъэльагъуэныщ, абы и цIыху гуащIафIэхэм, ди щIыналъэм и мызакъуэу, Урысейм и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм, хамэ къэралхэм щызэбгрыдзауэ псэу ди Iэпкьэгъуэхэм я псэукIэм, я зэкъыщIэпхуэнхэм ятеуауэ тхьгъэхэм. Кьэбэрдей-Балькъэрыр нэхъыбэу турист щыналъэу зэрыщытыр кьэгъэльэгъуэным гулыIэтэ нэхъыбэ хуэтщIынущ.

- Сыт хуэдэ тираж журналым иIэнур иKIи дэнэ щIыпIэхэм ар щызэбгрывгъэкIыну?

- ЯпэномерымИ и бжыгъэр 10.000 мэхъу, адэкIэ абы зэрызихьуэжьынур эзманым кьиГэльэгъуэнщ. Журналыр мазэ кьэс дунейм кьыгтехьэнущ. Ар яIэрыхьэнущ Ипщэ щIыналъэм хьихьэ республикэ псоми, апхуэдэуи Москва едгъэщэнщ. КьыкIэтыкIуэ мазэм кьыдэкIынум щыщ Iыхьэ Санкт Петербург зэрыпэдахэхэр зиIэж щIыналъэу зэрыщытыр - щIыналъэу зэрыщытыр кьэгъэльэгъуэным гулыIэтэ нэхъыбэ хуэтщIынущ.

- Еленэ, журналым и цIэр дауэ кьыхэфха?

- Абы кьэдэр дегупсысащ, цIэ зыбжанI зэблэтхъуащ. Ижьым зэуэ си щхьэм кьыхьащ «БгыхэМ я щIыналъэ»

●ЛъэпкъкIи щхьныгъуэхэр

ДжэдыкIэжьапхъэ Iэфl

ДЖЭДЫКIЭ зыбжанэм фошыгъу зэрафIэфкIэ хакIуэтэри, тхъурымбэ кьыщIыху яудэ. ИтIанэ ар тхъу зэрыт жьэпхъалъэ къэпльъм иракIэри, дуэвкIэм ирагъэувэ, и щхьэр тепIаун, мафIэ мыгъущIэкIэ ягъажьэ. ДжэдыкIэжьапхъэр пщыхьэщхьэ щхьнкIэ кьыльытэ. Ар пщтыкIу Iэнэм трагъэувэ. Мы щхьныгъуэр фошыгъу хэмылъуи ящI, щыгъу зэрафIэфкIэ хэлъу.

Щхьныгъуэр щащIкIэ кьагъэсэбэныр: джэдыкIи 10, фошыгъуу стэканым и Iыхьэ пIанищ (3/4), щыгъу тIэкIу, хьэжьигъэу зы бжэмышх, тхъу гъэвэжауэ бжэмышхи 2-3.

«Адыгэ щхьнэхэр» тхылъым кьытхъжащ.

●ГушыIэ

ЕпIэщIэкI–тIэ

КЪУАЖЭМ кхъэщIэ ящыщу щысIэнэщI гуэр кьаухъьащ. Абы и хьэтыркIэ кьуажэ ефэнды нэхъщIэхъэм жэмыкхьэтэщIэр зэхуишэсауэ зэIущIэшх уэ иригъэкIуэкIырт.

- Насыпыфэ дыдэр кьэщIэгъуафэ хъуащ иджы. КьэщIэн апэрэ зи хьэдэ щIалъхэр жэнэтым кIуэнущ. Кьэгъаз эмыIэу жэнэтым кIуэнукIэ, си тхьэльанэщ! - жиIэрт абы.

Дизыкъуажи а зэIущIэм щIэти, ефэндым и псалъэхэр зэрызэхихьы:

- ЕпIэщIэкI-тIэ, Мысхьуд, а фIыгъуэр иджыпстукIэ уэ уи апэ зыхуэдгъэфащэ дэ ди жылэ дэмыскIэ, - кьаехэкIиикIащ цIыхухэм.

ЖЫЛАУ Нурбий.
2001 гъэ.

ЖУРНАЛЫР зытеухуар, ар кьызэрыдэжьыну щыкIэр зэдгъэщIэну Еленэ зыхуэдгъэзащ.

- Сэ сызыхуеджа экономист Iэщ1агъэмрэ иджыпсту сызыпэрыхьа Iуэхумрэ зыкIи зэкIуалIэркъым, - жеIэ Къажэр Еленэ. - Ауэ, пэжщ, сытым дежи сыщIэхъуэпсыр творческэ лэжьыгъэ гуэр згъэззэщIэну. Си ныбжьэгъуэхэм ящыщу зы щIэх-щIэхьыр кьызэупщIырт: «Леиэ, гукIи псэкIи убухгалтер?» - жиIэурэ. Абы кьригъэкIыр кьудрэ кьызгурыуакъым. Мыжьо кIэ «Кабардинка» кьэфакIуэ ансамблым и концерт дыщIэсу а упщIэм кьыщыгъгъазэм, кьригъэкIыр кьызгуригъэIуэну зыхуэзгъэзащ. «ПIьагъуркъэ, - жиIащ си ныбжьэгъум, - ансамблым хэтхэр утыку кьыщихьэкIэ, сэ заншIэу аэрэ сьбжу щIэзо дзэ». АтIэ, сэ а дакъикъэм бжьгъэ гуэри щыIэу сщIэжырькъым, апхуэдизкIэ уэ щхьэм щекIуэкIым сызыIэпешэри. Iэщ1агъэр псэкIэ зыхэщIэмэщ абы гурыфIыгъуэ кьыщIапхуэхьыну гуэри, ехьулIэныгъэхэр ущIэнури. Арауэ кьыщIэкIынщ, сызыхуеджа Iэщ1агъэмкIэ лэжьыгъэ кьэзмылъыхьу эу, творческэ гъуэгуанэм сыщыIэтехьар.

- Журналыр кьызэгъэпIн Iуэхур щхьэ нэхъ кьыхэпха, Еленэ, «Бгыхэм я щIыналъэр» сыт зытеухуауэ щытынур?

- ШIы хьурейм щIыпIэ куэд иIэкIым, зэ укIуакIэ игъащIэкIэ уи гур абы кьыщыбгъанэу. 1990 гъэм и щIымахуэ маэзт сэ япэ дыдэу Налшык щыслъэгъуар. МКъУ-м и аспирантурэм сыщIэсу, си ныбжьэгъухэм я гъусэу спортлагерым дыкъэкIуат. Абы щыгъу я сэ Кьэбэрдей-Балькъэрым зыслъэгъуа дахагъэмрэ бгы жьакIэхэуэ сащыIуплъам си гур зэрыкхьхуамрэ псалъэкIэ кьыпх уэIуэтэнукъым. Таурыкъым и дунейм сыкъыщIэхутам хуэдэ. А гурыщIэ Iэфlхэм ноби си гур гъэру яIыгъщ.

Иужькlэ адыгэ щIалэ щхьэгъусэ схуэхъуу, етIуанэу республикэм кьыщIетэгъэзам, япэ гурыщIэ хьуакIэр мафIэ лыгъейм хуэдэуат. Сэ илъэс 25-кIэ Москва сыщыпсэуащ. Абы щекIуэкI псалъэмакъхэм ятепщIыхьмэ, щIыхуэм Кавказым теухуауэ зыри ящIэркьым. Абыхэм ар эзращIыхьу зауэ-банэ щекIуэкI, террористхэр щыпсэу щыналъэущ. Абы кьыхэкIыу сэ сыхуейт Кьэбэрдей-Балькъэрыр нэгъуэщI лъэныкьуэкIэ - ар гур хэмыгъахьэу щIыпIэ телъыджэу, зиIу зиу щымыIэ хабзэ дахэхэр зиIэж щIыналъэу зэрыщытыр - щIыхуэм я деж нэхъыхьэну. Си гурыщIэмкIэ щIыхуэм саэзрыдзгъэщэн, абыхэм я епльыкIэм зэрызэгъэгъэхуэщIэжьи «Ищэу» журналыр кьэзгъэсэбэныну си гугъэщ.

Журналым и кьалэн нэхъыщхьэр КъБР-м фIыуэ щекIуэкI Iуэхугъуэхэр кьэгъэльагъуэныщ, абы и цIыху гуащIафIэхэм, ди щIыналъэм и мызакъуэу, Урысейм и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм, хамэ къэралхэм щызэбгрыдзауэ псэу ди Iэпкьэгъуэхэм я псэукIэм, я зэкъыщIэпхуэнхэм щIыхуэбгр щыгъэгъуэзэнырщ. Псоми гу зэрыльатащи, иужьрей зэманым республикэм зыужьыныгъэшхуэхэр щокIуэкI. Журналым и напэкIуэцIхэм ущрихьэлIэнущ а Iуэхум зи гущIэхэуэ щыIуэхэр. Кьэбэрдей-Балькъэрыр нэхъыбэу турист щыналъэу зэрыщытыр кьэгъэльэгъуэным гулыIэтэ нэхъыбэ хуэтщIынущ.

- Еленэ, журналым и цIэр дауэ кьыхэфха?

- Абы кьэдэр дегупсысащ, цIэ зыбжанI зэблэтхъуащ. Ижьым зэуэ си щхьэм кьыхьащ «БгыхэМ я щIыналъэ» журналыр кьэзгъэсэбэныну си гугъэщ.

Журналым и кьалэн нэхъыщхьэр КъБР-м фIыуэ щекIуэкI Iуэхугъуэхэр кьэгъэльагъуэныщ, абы и цIыху гуащIафIэхэм, ди щIыналъэм и мызакъуэу, Урысейм и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм, хамэ къэралхэм щызэбгрыдзауэ псэу ди Iэпкьэгъуэхэм я псэукIэм, я зэкъыщIэпхуэнхэм щIыхуэбгр щыгъэгъуэзэнырщ. Псоми гу зэрыльатащи, иужьрей зэманым республикэм зыужьыныгъэшхуэхэр щокIуэкI. Журналым и напэкIуэцIхэм ущрихьэлIэнущ а Iуэхум зи гущIэхэуэ щыIуэхэр. Кьэбэрдей-Балькъэрыр нэхъыбэу турист щыналъэу зэрыщытыр кьэгъэльэгъуэным гулыIэтэ нэхъыбэ хуэтщIынущ.

- **Сыт хуэдэ тираж журналым иIэнур иKIи дэнэ щIыпIэхэм ар щызэбгрывгъэкIыну?**

- ЯпэномерымИ и бжыгъэр 10.000 мэхъу, адэкIэ абы зэрызихьуэжьынур эзманым кьиГэльэгъуэнщ. Журналыр мазэ кьэс дунейм кьыгтехьэнущ. Ар яIэрыхьэнущ Ипщэ щIыналъэм хьихьэ республикэ псоми, апхуэдэуи Москва едгъэщэнщ. КьыкIэтыкIуэ мазэм кьыдэкIынум щыщ Iыхьэ Санкт Петербург зэрыпэдахэхэр зиIэж щIыналъэу зэрыщытыр - щIыналъэу зэрыщытыр кьэгъэльэгъуэным гулыIэтэ нэхъыбэ хуэтщIынущ.

- Еленэ, журналым и цIэр дауэ кьыхэфха?

- Абы кьэдэр дегупсысащ, цIэ зыбжанI зэблэтхъуащ. Ижьым зэуэ си щхьэм кьыхьащ «БгыхэМ я щIыналъэ»

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **1.** КIыщокъуэ Алим и тхылъ. **4.** Зыгуэр зыуущий, зыгъасэ. **10.** КъБР-м щIыхь зиIэ и нартыхуэгъэкI, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, ноби мэкъумэщ лэжьыгъэм жыдзэру хэт. **11.** УФ-м щIыхь зиIэ и артист, Щодзэнщ1ыкIу Алий и цIэр зэзыхъэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и дзэгъуакIуэу щыта. **12.** Европэм щIыIэ Iуащхьэ нэхъ льагъ дыдэ. **15.** Купкъышхуэ зэрыль пхъэщхьэмащхьэ. **16.** Ятхыурэ, иратхъэурэ, кьыхаIущIыкIыурэ, хадыкIыурэ гъэшIэрэщIауэ зыгуэрхэм тращIыхьэ. Ауэ ар ящIыпIауэ зыгуэрхэм я ныдэ. **17.** Адыгэ Iуэрыуатэм хэт цIыхубз пелуан. **19.** Ефэ-ешхэу зэхэс гупым я нэхъыжь, я унафэщI. **20.** ПсэукIэ зыщIэ, псэуну зыхуэфащэ. **23.** Джэдым щыщу нэхъыжь Iыхьэ. **25.** Ефэ-ешхэ Iэнэм бгъэдэхэуф фадэкIэ, шхынкIэ, нэгъуэщIхэмкIэ кьызэриГэпэщу ящIхьащIт. **27.** Щыгъуэ-жьым и фэр зи теплъэ. **29.** Гузагъэгъуэ гъуэтын. **31.** Ди щIыпIэхэм хуэду щыпсэу кьуалIэбзу пIащIэ. **32.** Уэрдус, композитор щIрыIуэ. **33.** Нарт хасэм и тхьэмадэ. **34.** Тхьэгъэзит Зубер и тхылъ.

Къехьу: **2.** Верди Джузеппе и оперэ. **3.** Гъэм и зэман. **5.** И унафэ ищIыжу, зэрыхуейм хуэдэу лэжьэну, псэуну зи хуитныныгъэ зиIэ. **6.** Фадэ льэпкъ. **7.** Адэм и адэ, анэм и адэ. **8.** Зэрыщхэ Iэмэпсымэ. **9.** КIэльыплIыну, нухьмэну зыгуэрым пIалъэкIэ кьыхуагъанэ. **13.** Гъавэ ищIу кьуажэм дэс лэжьакIуэ. **14.** Iэпэ пшынэм и пэкIэ адыгэхэм зэрахьэу щыта пшынэ. **17.** Данэ щхькI. **18.** Зэкъуэшхэм языхэзым и цхьэгъусэ. **21.** Дыщэм, дыжьным кьыхэущIыкIаУэ адыгэ фащэм и пкьыгъэуэм хьихь. **22.** КБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэ. **24.** КъШР-м щIыхь зиIэ и артистэ, Щоджэн цIыкIу Алий и цIэр зезыхъэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и дзэгъуакIуэ. **26.** Мэ дахэ зиIэ удэ. Щейм хэльу уефэну фIы дыдэщ. **27.** Дыгъэр фIыуэ зытепсэ дзэныкъуэ. **28.** Фадэ гуапIэ. **30.** Къэжэр Хьэмид и тхылъ.

Зэхэзыльхьар
УЭРЫШ Нурхьэлийщ.



Гъатхэпэм и 1-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **1.** Жэп. **6.** Щыхь. **8.** Кьурмэн. **9.** Елгъэр. **10.** Псыжь. **13.** МыщIэ. **14.** ХьэмкIэ **15.** Абгъуэ. **16.** Мысэ. **18.** КIэ. **19.** Хугу. **22.** Асдъэн. **23.** Дзэгу. **25.** Сэджэт. **26.** IупщIэ. **27.** Пощт. **28.** Пагуэ. **30.** Пщэхъу. **33.** Уэз. **35.** Гурымыкъ. **36.** Кьэрабэ. **38.** Уэщ. **41.** Арэф. **44.** Хьэрщ. **45.** Мыхьур. **46.** Кьуаргъ. **47.** Ныбгъуэ. **49.** Кьан. **51** Бжьахьэу. **53.** Бо. **54.** Шку. **55.** Гупыж. **57.** Данэ. **59.** Сэкьат. **62.** Хахуэ. **63.** Уагъэ. **64.** ЖьыкIуръ. **65.** Губгъэн. **66.** Щиху. **67.** Хьэур.

Къехьу: **1.** Жасы. **2.** Кьурашэ. **3.** Къэхъ. **4.** Алмэ. **5.** Щэджэм. **7.** ХьэщIэ. **11.** Жьыбгъэ. **12.** ГъумышIэ. **13.** Мастэ. **17.** Псапэ. **18.** КIэпхъ. **20.** Гуащэ. **21.** Пыпхъуэ. **23.** Джэду. **24.** ГупкIэ. **29.** Гуартэ. **31.** Щыблэ. **32.** Кумб. **34.** Бру. **37.** Бабыщ. **38.** Уэркъ. **39.** Щыкъун. **40.** Пшахьуэ. **42.** ЩыIуб. **43.** Урыку. **48.** Гъуапльэ. **50.** Адакъэ. **52.** Жьынду. **56.** Жьыгъуэ. **57.** Дыхьэнь. **58.** Дыщэ. **59.** Сурэ. **60.** Тебэ. **61.** Бгъэр.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖЬэкIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъуарыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаев Маринэ, Льостэн Музэ, Ныбжьэ Танэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжькъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

ДИЗХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУАМАЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуэкIыгъэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущ1апIэхэм я дэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; ерыджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытехьэн иэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткIым.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьынир и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щэнымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

КъБР-м ПщэнхабзэмрэкIыбарегъащIэ ГънатIэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхъэ и полиграфомбинат. Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарь Дыщэкl Соня, редактору ЖьэкIэмыхьу Маринэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(3,5,6-нэ нат.)*, ПхытIыкI Юрэ *(1,2,4-нэ нат.)*, корректорхэм я дэIэныкъэгъу Нуан Заирэ. *Компьютерхэр газетым и теплъэр ящIащ:* ГъуКIэл Рае, Мэлбахуэ Анжелэ, Щомахуэ Мадинэ, *сурэтыщI* Бицу Жанэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щыградзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.095● Заказ №976